


Alkitab kanggo murangkalih  
Nyanggakeun



Lalaki Anu  
Moal Kersa  
Tungkul



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:  
Jonathan Hay

Disaluyukeun ku: Mary-Anne S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin


Diproduksi ku: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2023 Bible for Children, Inc.



Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Raja Nebukadnesar ngawangun hiji patung emas badag. Ti mimiti sirah nepi ka sampean didamel tina emas. Panginten raja parantos hilap kana impian anu dikirim ku Gusti nu nyarioskeun yén karajaan emasna moal langgeng. Panginten anjeunna percanten yén upami ngadamel patung anu sapinuhna tina emas, Dawuhan Allah dina impianna moal laksana.



Salah saurang abdi-abdi raja macakeun parentah ka sakumna rahayat: "... maraneh bakal sujud nyembah ka arca emas... jeung sing saha anu henteu sujud jeung nyembah bakal dialungkeun ka tungku seuneu."



Sarerea milampah sakumaha parentah raja - iwal ti tilu urang. Jalma-jalma ieu urang Ibrani, nya eta Sadrakh, Mesakh, jeung Abednego, babaturan Daniel. Sigana mah Daniel henteu aya dina waktos éta, sabab anjeunna ogé bakal nampik nyembah brahala jieunan manusa.



Jalma-jalma wijaksana kapercayaan raja timburu ka Daniel jeung batur-baturna sabab raja resep ka maranehna. Saur maranehna, "Aya tilu jelema anu ku maneh geus ditugaskeun pikeun ngurus propinsi Babul - Sadrakh, Mesakh, jeung Abednego. Jalma-jalma ieu, ya raja, henteu nurut ka maneh. Maranehna henteu ngabakti tur nyembah ka arca emas. Nu tos ditunjuk."






Raja Nebukadnesar  
atuh ngamuk.  
Anjeunna ngingetkeun  
aranjeunna, "Upami  
anjeun henteu  
nyembah, anjeun bakal  
dialungkeun ka tengah  
tungku seuneu. Sareng  
dewa mana anu bakal  
nyalametkeun anjeun  
tina panangan abdi?"




Raja teh tos milampah salah. Anjeunna sabenerna nangtangan ka Allah nu hirup. Tilu urang lalaki Ibrani éta terang yén nyembah patung téh ngalanggar hukum Allah. Aranjeunna tetep nangtung. Ku sabab percaya ka Allah, maranehna teu sieun ku raja.







Tilu jelema gagah ieu boga jawaban pikeun raja.  
Ceuk maranehna, "Allah kami anu ku kami dipuja teh  
sanggup nyalametkeun kami tina tungku seuneu.  
Tapi lamun henteu, mangga uninga, nun raja, yen  
kami moal nyembah ka allah-allah maneh, atawa  
nyembah ka arca emas anu geus diangkat ku maneh  
ka luhur."



Raja Nebukadnesar  
ngamuk! Anjeunna  
maréntah aranjeunna  
geura manaskeun  
tungku tujuh kali  
leuwih ti biasa.  
Atuh tilu lalaki eta  
tetep teu sujud.



Raja marentahkeun prajurit-prajurit  
anu gagah perkasa pikeun nangkep  
Sadrah, Mesak,  
jeung  
Abednego,



tuluy  
ngalungkeun kana  
tungku seuneu.




Hawu teh kacida  
panasna, nepi ka  
jelema-jelema anu  
ngalungkeun Sadrakh,  
Mesak jeung  
Abednego paraeh  
kana panasna seuneu.



Raja neuteupan ti kajauhan. Manéhna ningali tilu lalaki keur dialungkeun langsung ka tengah tungku hurung. Tapi éta henteu sadayana anu anjeunna tingali.



Raja Nebukadnesar reuwas! "Naha teu dibeungkeut heula tilu lalaki eta tuluy dialungken kana tengah seuneu?" nanya ka pembantuna. "Enya," jawabna. Saur-Na, "Tingali! Kuring nempo opat lalaki leupas, leumpang di tengah seuneu, sarta aranjeunna henteu cilaka. Jeung nu kaopat hiji kawas Putra Allah!"



Raja ngadeukeutan kana panto  
tungku seuneu anu hurung, tuluy  
ngagorowok, "Sadrakh, Mesak,  
sareng Abednego, abdi-abdi  
Gusti Nu Maha Suci, kaluar!"  
Lajeng Sadrach, Meshach,  
jeung Abednego,  
kaluar tina  
tungku seuneu.



Sadayana karumpul sareng mariksaan tilu urang Ibrani. Aranjeunna geus katempo yen seuneu teh teu boga kakuatan pikeun ngaduruk aranjeunna. Buukna teu tutung jeung anggeanna teu kaduruk. Malah teu aya bau-bau seuneu acan dina aranjeunna.





Nalika anjeunna sadar naon anu lumangsung, Raja Nebukadnesar ngalakukeun hiji hal anu wijaksana pisan. Anjeunna neneda, sarta ngadawuh, "Rahayu janten Allah Sadrach, Meshach, jeung Abednego, anu geus ngutus Malaikat-Na jeung geus dikirimkeun abdi-Na anu dipercaya ka Anjeunna."




Lalaki Anu Moal Kersa Tungkul  
Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Daniel 3

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu  
masihan Caang." Psalm 119:130





33



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

